


# АЎДАРМА БАРЫСЫНДА КОГНИТИВ ЖАНТАСЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Арзымбетова Сарбиназ Абдамбетовна**
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети
https://doi.org/10.5281/zenodo.8210740

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25-July 2023 yil
Ma’qullandi: 28-July 2023 yil
Nashr qilindi: 31-July 2023 yil

**KEY WORDS**

*тил ҳәм инсан, когнитив жантасыў, когнитив процесс, аўдарматаныў.*

**ABSTRACT**

*Бул макалада аўдармада когнитив жантасыўды ендириў өзгешеликлери хаққында сөз барады. Келтирилген өзгешеликлердиң кең қолланылыўы аўдарманы жипсиз, синергетик тәртипли процесс сыпатында сүўретлеўге ийтермелейди ҳәмде аўдарманың бақлаўдағы ҳәм бақлаўсыз, өз-алдына ҳәрекетлер байланысында алып барылыўы анық.*

Объектив барлықдағы затлар, ҳәдийселер ҳәм ҳәрекетлерди тил ийелери жақсы сезеди, аңның буларды өзине тән түсиниўинен келиб шығып, салыстырып үйренеди ҳәм атама береди. Инсан булардың орайында турғанлығы себепли белгили бир зат яки ҳәдийселерди атаўда ямаса аўдармалаўда барлық көринисин инсаннан ажратыў улыўма санаға туўры келмейтуғын ҳәрекет екенлиги анық болды. Демек, антропоцентрик парадигма принциплары бойынша “тил ҳәм инсан” бул жантасыўдың қурамындағы тийкарғы бирлик есапланатуғын болса. Тил билими менен миллий-мәдений объектлар, ҳәдийсе-ҳәрекетлердиң тил бирликлери менен геўделениў избе-излиги, олардың ҳәдийсе ҳәм ҳәрекетлердиң тәбиий тәрийплениў шеңберинен сыртқа шығып тил ҳәм барлық модели менен байланысын үйрениў жүдә әҳмийтели мәселелердиң бири болып қалмақта.

С.Ш.Сафаровтың айтыўынша “когнитив жантасыў ҳәзирги ўақытта түсиниў, ойлаў, ядлаў, мәселе шешимин излеў ҳәм тилден пайдаланыў сыяқлы ментал процессти изертлеў менен қызығыўшы барлық пәнлерде кең көлемде әмелге асырылған. Аўдарматаныў ҳәм буннан шетте қалыўы мүмкин емеслиги анық” [1:78]. Г.К.Кдырбаеваның пикиринше, когнитив тил билими “инсан ҳәм ой-өрис” жағдайлары менен байланысса, айдарматаныўда бул жантасыў “инсан-ой-өрис-аўдарма” сыяклы элементлардан турыўшы триадада интегралласады [2:15]. Бул пикирлерди улыўмаластыратуғын болсақ, тил билиминниң заманагөй аспектларының принциплары аўдарматаныўда ҳәм бирдей қолланылыўы ҳаққындғы пикирге биз ҳәм қосыламыз.

Аўдарматаныў бағдарларында аўдармашы орны ҳаққында көп ой-пикирлер билдирилген, деген менен когнитив процесс бул пикирлердиң ҳеш биринде итибарға алынбастан шетте қалып кеткен. Яғный аўдарма процесси тек ғана коммуникатив процесс ямаса текст пенен ислесиў дегени емес. Аўдармашы оригинал текстти түсинип екинши тилге аўдарма қылыўда

когнитив процесстиң нәтийжеси сыпатында ақылый ҳәрекетлерди әмелге асырады. Тап сол себебли соңғы жылларда аўдарматаныў тараўында когнитив жантасыўдың кең тарқалғанын ҳәм белгили бир мазмунда изертлеўлердиң алып барылып атырғанларына гуўа болып атырмыз.

Аўдармашының ой-өриси тийкарында қәлиплесиўши модель "релевантлық теориясы" ҳаққында Дан Шпербер ҳәм Дьердру Вилсон биринширлерден болып сөз етеди. Олардың пикиринше, дилмаштың ментал ҳәрекетлериниң анализи түрли формаларда ҳәм моделлерде тәрийпленеди. Айтылған бул теорияға тийкарланып Өзбекстан қаҳраманы, Қарақалпағыстан халқ шайыры И.Юсуповтың "ХОРЕЗМЛИ ТУЎЫСҚАНЛАРҒА" атлы қосығы менен анализ алып барамыз. Анализ ушын бул атап өтилген қосық қатарларының ишинен "бас" компонентлери бар қатарларды таңлап алдық ҳәм олардың инглис тилине когнитив жантасыў тийкарында туўры аўдармаланыўына ҳәрекет етемиз:

*Халқың мийнетинен мол ҳасыл жыйды,*
*Еткен исин өрнек, еллерге ийги.*
*Сизлер—ақ алтынның академиги,*
*Бәйгиден* ***бас*** *байрақ алғыш тулпарым,*
*Абырай шерик ағам, туўысқанларым.*
*Ўа, Хорезм, ханаласым!*
*Келдиң бәрҳа дара* ***басым****.*
*Ай, жулдызға араласып,*
*Даңқ, мәртебең қанат қаққан,*
*Кеўлиңдей ақ терген пахтаң.*
***Басым*** *келген тәрезимсең,*
*Хорезмсең, Хорезмсең!*

Қосық қатарларындағы "бас" тил бирлиги "бас байрақ", "дара бас", "басым" формаларда келеди, морфологиялық өзгешелиги бойынша олар "бас+атлық", "келбетлик+бас", "бас+тартым қосымтасы" формада келеди. Инглис тилине бул өзгешелилер тийкарындағы аўдармасы "head+flag", "single+head", "my+head" формаларында аўдармаланады, деген менен бул автордың қосық қатарларындағы берип атырған мазмунын оқыўшыға жеткерип бермейди. Яғный оригинал тексттағы "бас байрақ" ҳәм "дара бас" фразеологиялық бирликлер болып, оларды инглис тилине аўдарма қылыў процессинде дилмаш бул өзгешеликлерди сезген ҳалда туўры эквивалентлерди таңлай алыўы тийис. Мәселен, *"бас байрақ-grand prix" ва "дара бас-single head"* вариантларда аўдармалаў мүмкин. Бирақ, фразеологиялық бирликлерди түсинген ҳалда оларды төмендегише аўдармалаўды усыныс етемиз: *"бас байрақ-grand prix"* ҳәм *"дара бас-unique head".*

*Дара 1. кел.* жеке, бөлек, жалғыз, биреў.

Бул усыныс етилип атырған семалардың туўры келиўши вариантын таңлаў ушын дилмаш еки тилди ҳәм жақсы сезиў керек: "дара басым – my unique, one". Себеби, "*single/жалғыз, lonely/жеке, alone/өз-алдына*" вариантлары еки дос ҳәм қоңсылас халықларды бир-биринен ажыратып таслайды, сол сыяқлы өзгешеликлерин сезген ҳалда ғана туўрқ эквивалентти таңлаўы мүмкин.

*The richest harvest owners.*

*Your path is model for the others.*
*You are cotton academician,*
***Grand prix** winners of racing*
*Reputation partners, our relatives.*
*Wow, Khorezm, our nativists!*
*You are always **close to us**.*

Көрип турғанымыздай, релевантлық теориясында үлкен итибар түбирмәни ямаса жасырын мағлыўматтың бар екенлиги ҳәм оның қандай пайда болыўына қаратылады. Мазмун тек ғана текстта тәрийпленип қалмастан, көп жағдайларда тексттың анық атмосферасы, онда пайда болатуғын шараятлар менен байланыслы жағдайда сәўлеленеди. Мәселен, *“Ўа, Хорезм, ханаласым!”* қатарындағы “ханаласым” тил бирлигин “nativist” варианты менен аўдарма қылыў усыныс етиледи. Релевантлық теориясының принципларына тийкарланып “nativist-өз тәбий тутыўшы инсан” семасында қолланылады.

С.Ш.Сафаров, “аўдармада когнитив жантасыўды ендириў төмендеги өзгешеликлерди алдынғы орынларды ийелейди”, деп пикир билдиреди: А) мәниниң тәрийплениўиндеги когнитив басқыш; Б) ядтағы мағлыўмат; В) тил ҳәм тилсиз элементлер динамикасының тәбияты; Г) текст раўажланыўы; Д) автоматик ҳәм мазмунлы, бақлаўдағы ҳәм бақлаўсыз ҳәрекетлер. Аўдармада өз-алдына ҳәм бақлаўдағы ҳәрекетлердиң тийкарында жаратылған мағлыўматлары; Е) арнаўлы стратегиялар тийкарындағы проблемалар шешими ҳәм қарар қылыў ҳәрекетлери жеделлиги.

Келтирилген өзгешеликлердиң кең қолланылыўы аўдарманы жипсиз, синергетик тәртипли процесс сыпатында сүўретлеўге ийтермелейди ҳәмде аўдарманың бақлаўдағы ҳәм бақлаўсыз, өз-алдына ҳәрекетлер байланысында алып барылыўы анық.

## Әдебиятлар дизими:

1. Сафаров С.Ш. Таржимашуносликнинг когнитив асослари. – Тошкент. “Наврўз” нашриёти, 2019. – 300 б.
2. Кдырбаева Г.К. Таржима жараёнида когнитив ёндашув хусусиятлари// Таржимада тил, таълим ва маданият муштараклиги номли Республика илмий-назарий конференция. – Ургенч, 2023. – 14 с.
3. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. – Нөкис. “Қарақалпақстан” баспаханасы, 1978. – 207 б.